# AKT JÁRDEMINDE ISLENETUG'IN ALDAWSHILIQTIŃ FISHING, PSIXOLOGIYALIQ ALDAW HÁM DEEPFAKE TEXNOLOGIYALARI

**Xalmuratov M.**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Kirisiw.** Málimleme-kommunikaciya texnologiyalarınıń tezlik penen rawajlanıwı menen birge kiber aldawshılıqtıń yağnıy jınayattı islew usılları hám sxemaları barğan sayın quramalasıp, texnologiyalıq jaqtan jetilisip barmaqta. Kiber aldawshılıqtıń júz beriw usıllarınan biri bul fishing inglizshe «phishing-balıq awlaw» mánisin bildiredi bul aldawshılardıń bankler, tólem sistemaları, mámleketlik uyımlar yamasa belgili brendler atınan jasalma elektron xatlar, veb-saytlar yamasa xabarlar jiberip, paydalanıwshılardıń jeke mağlıwmatları karta nomeri, login, parol, SMS-kodtı qolğa kirgiziw usılı bolıp tabıladı.

Fishingtiń júz beriw usılı ádette úsh basqıshtan ibarat: birinshi basqıshta aldawshılar ózlerin isenimli shólkem, máselen bank, salıq organları, tólem sisteması sıpatında tanıstıradı. Ekinshi basqıshta olar paydalanıwshını jalğan saytqa ótiwge iytermeleydi buınıń ushın «kartańız bloklandı,» «sistema jańalanıwı,» «kredit alıw imkaniyatı» yamasa «salıq qarızı» sıyaqlı psixologiyalıq qurallardan paydalanadı. Úshinshi basqıshta bolsa paydalanıwshı jasalma saytqa óz mağlıwmatların kirgizgennen keyin, aldawshılar bul mağlıwmatlar arqalı bank kartasına tolıq ruxsat aladı hám ondağı barlıq qarjını ótkerip jiberedi[1].

Fishingtiń keń tarqalgan túrlerine tómendegiler kiredi. Karding - bul fishing saytlar jaratıw hám olarda arzan bahadağı tovarlardı jaylastırıw arqalı qarıydarlardıń plastik karta haqqındağı mağlıwmatların urlaw usılı bolıp esaplanadı. Qarıydar tovar ushın tólemdi ámelge asırmaqshı bolğanda, onıń karta mağlıwmatları aldawshınıń qolına ótedi, biraq hesh qanday aldı-sattı ámelge asırılmaydı. Farming fishing saytlarınıń jáne de quramalı kórinisi bolıp, paydalanıwshı sayt atın durıs jazsa da, máselen, bank saytına kiriw ushın durıs mánzil jazsa domen atındağı kishi ayırmashılıqlar sebepli jalğan saytqa kire beredi hám ózi bilmegen halda óz mağlıwmatların aldawshığa beredi. SMS-fishing yamasa smishing - bul aldawshılardıń paydalanıwshılarğa SMS-xabarlar jiberip, olardan jeke mağlıwmatlardı soraw usılı. Kóbinese «Siziń kartańız bloklandı, bloktı alıp taslaw ushın usı silteme arqalı ótiń» sıyaqlı tekstler qollanıladı. Vishing (dawıslı fishing) - bul aldawshılardıń telefon arqalı qońıraw etip, ózlerin bank xızmetkeri yamasa huqıq qorğaw uyımı wákili dep tanıstırıwı hám jábirleniwshini SMS-kod yamasa basqa da sırlı mağlıwmatlardı aytıwğa májbúr etiwi.

Ózbekstan mısalında, aldawshılar ózlerin bank xızmetkeri, Click yamasa Payme sıyaqlı tólem sistemalarınıń xızmetkeri dep tanıstırıp, «Plastik kartańızğa kiberhújim bolıp atır» yamasa sistemada qátelik júz bergeni sebepli nomerin qayta jalğap qoyıw kerek ekenligin aytıp, paydalanıwshıdan telefonına kelgen jasırın kodtı talap etedi. Eger jábirleniwshi kodtı berse, aldawshılar bir neshe minut ishinde kartadağı barlıq qarjını ótkerip jiberedi. 2024-jılğı statistikalıq mağlıwmatlarğa bola, Ózbekstanda kiberjınayatlardıń 60 procenti áyne zıyanlı siltemeler hám bağdarlamalar jiberiw arqalı, 16 procenti bolsa SMS-kodtı qolğa kirgiziw jolı menen júz bergen[2]. Fishingtiń bunday keń tarqalıwı puqaralardıń sanlı sawatlılığınıń jeterli emesligi menen tikkeley baylanıslı.

Psixologiyalıq aldaw bul kiber aldawshılardıń texnikalıq qurallardan góre, insan psixologiyasındağı kemshiliklerden paydalanıp, jasırın mağlıwmatlardı qolğa kirgiziw yamasa jábirleniwshini belgili bir háreketlerdi orınlawğa májbúrlew usılı bolıp tabıladı. Psixologiyalıq aldawtıń modus operandı texnikalıq hújimlerden túp tiykarınan parıq qıladı: bul jerde tiykarğı «qural» - bul insan sezimleri hám isenimge tiykarlanğan múnásibetler bolıp tabıladı. Pisixologiyalıq aldawshılar adamlardı sezimler menen oynap, olardı óz mápleri jolında basqaradı aldanğanlar aqırında aldawshılarğa ıqtıyarlı túrde qarjı ótkeredi yamasa bank kartası mağlıwmatların ózleri aytıp beredi.

Psixologiyalıq aldawdıń tiykarğı usılları tómendegilerden ibarat. «Aldınnan tólew» usılında aldawshı jábirleniwshige úlken payda wáde etedi, biraq onı alıwdan aldın «dizimnen ótiw tólemi,» «salıqlar» yamasa «járdem tólemleri»n ótkeriwdi talap etedi. «Járdem sorap múrájat etiw» usılında aldawshı ózin qıyın jağdayda turğan tuwısqan yamasa dos sıpatında kórsetip, dárhal pul ótkeriwdi soraydı. «Jalğan lotereya» usılında aldawshı jábirleniwshige onıń úlken utısqa eriskenin aytıp, utıstı alıw ushın aldın «salıq» yamasa «komissiya» tólew kerekligin talap etedi. «Qorqıtıw» usılında bolsa aldawshı jábirleniwshige onıń bank kartası bloklanğanlığı, salıq qarızı bar ekenligi yamasa huqıq qorğaw uyımları onıń jumısı menen qızığıp atırğanı haqqında xabar beredi hám hawlıqpa oyatıp, jasırın mağlıwmatlardı alıwğa háreket etedi. Psixologiyalıq aldawshılar óz qurbanlarına azğana irkilip ne bolıp atırğanın arqayın túsinip alıw ushın waqıt bermeydi, olar dárhal, házıraq pul ótkeriw yamasa kodtı aytıwdı talap etip, asıqtırıw strategiyasın qollanadı.

Psixologiyalıq aldawtıń ámeldegi júz beriw usılın Ózbekstan mısalında baqlaw múmkin. 2024-jıl dekabr ayında Ózbekstan IIM Kiberqáwipsizlik orayınıń atap ótiwinshe, búgingi kúnde eń kóp ushırasatuğın jınayat túri onlayn kreditler menen baylanıslı aldawshılıq bolıp esaplanadı. Kóp jağdaylarda jınayashılar psixologiyalıq aldaw usıllarınan paydalanadı: olar qońıraw etip, sizdi SMS kodlarıńızdı bólisiwge yamasa programmalardı ornatıwğa májbúrleydi, usı programmalar arqalı jeke mağlıwmatlarıńız hám hátteki súwretlerińizdi qolğa kirgizedi[3].

Deepfake (inglizshe «tereń úyreniw» hám «feyk» sózleriniń birikpesi) - bul jasalma intellekt tiykarında insannıń júzi, dawısı hám mimikasın real túrde qálbekilestiriwshi texnologiya. Bul texnologiya dáslep kino sanaatı, bilimlendiriw hám densawlıqtı saqlaw tarawlarında unamlı maqsetlerde qollanılğan bolsa, sońğı jıllarda kiberaldawshılıq hám jınayashılıqtıń jańa quralına aylanıp barmaqta. Deepfake texnologiyasınıń modus operandı dástúriy fishing hám psixologiyalıq aldaw usıllarınan pútkilley parıq qıladı, sebebi bul jerde aldawshılar tek ğana tekstli yamasa dawıslı aldaw emes, al audio hám videomateriallardı qálbekilestiriw arqalı jábirleniwshini aldaw imkaniyatına iye boladı[4].

Xalıqaralıq tájiriybe sonı kórsetedi, deepfake texnologiyasınan aldawshılıq maqsetinde paydalanıw barǵan sayın keńeyip barmaqta. Rossiya Federaciyasında 2025-jılǵa kelip deepfake texnologiyasınan paydalanıp islengen jınayatlar ushın jınayıy juwapkershilikti kúsheytiw boyınsha nızam joybarı islep shıǵılǵan bolıp, onda jınayattı «depfake texnologiyasınan paydalanıp islew» kvalifikaciyalıq belgisi sıpatında usınıs etilgen[5]. Deepfake texnologiyası tek ǵana shaxstıń súwretine bolǵan huqıqtı buzıp qoymastan, al onıń abıroyı, qádir-qımbatı, múlki, jámiyetlik ádep-ikramlılıǵı, jámiyet hám mámlekettiń abadanlıǵına qol urıw qáwpin de arttıradı. Izertlewshilerdiń atap ótiwinshe, deepfake mashqalası tek ǵana huqıqıy sheshimge iye emes, al kompleksli qatnastı - texnologiyalıq sheshimler, mámleketlik jeke menshik sheriklik, kadrlar tayarlaw hám xalıqaralıq birge islesiwdi talap etedi[6].

Ózbekstanda deepfake texnologiyasınan paydalanǵan halda ámelge asırılatuǵın aldawshılıq jaǵdayları házirshe keń tarqalmaǵan bolsa da, bul qáwiptiń jaqın keleshekte áhmiyetli máselege aylanıwı múmkin. Deepfake texnologiyası menen baylanıslı jáne bir awır mashqala bul jınayat izlerin anıqlaw hám tergewdiń qıyınshılıǵı bolıp esaplanadı. Jalǵanlastırılǵan audio hám videomateriallardı haqıyqıydan ajıratıw texnikalıq jaqtan qıyın bolıp, bul huqıq qorǵaw uyımları aldında jańa mashqalalardı keltirip shıǵaradı. Sol sebepli, Ózbekstan nızamshılıǵında deepfake texnologiyasınan paydalanǵan halda islengen jınayatlar ushın juwapkershilikti ayrıqsha kvalifikaciyalaw máselesi keleshekte áhmiyetli bolıwı múmkin.

**Juwmaq.** Málimleme-kommunikaciya texnologiyalarınan paydalanıp ámelge asırılatuǵın aldawshılıqtıń usılları fishing, psixologiyalıq aldaw hám deepfake texnologiyaları óziniń quramalılıǵı, ǵalabalıǵı hám tez ózgeriwsheńligi menen dástúriy aldawshılıqtan pútkilley parıq qıladı. Fishing texnologiyası házirgi kúnde Ózbekstandaǵı kiberjınayatlardıń tiykarǵı bólegin (60 procenti) qurap, tiykarınan zıyanlı siltemeler hám baǵdarlamalar jiberiw arqalı ámelge asırılmaqta. Psixologiyalıq aldaw usılları bolsa insan psixologiyasındaǵı kemshiliklerden paydalanıp, jábirleniwshilerdi óz ıqtıyarı menen sırlı maǵlıwmatlardı beriwge májbúrleydi bul usıl ásirese ulken jastaǵı puqaralar arasında keń tarqalǵan. Deepfake texnologiyası bolsa kiber aldawshılıqtıń eń jańa hám eń qáwipli basqıshı bolıp, jasalma intellekt járdeminde insannıń júzi hám dawısın real túrde qálbekilestiriw imkaniyatın beredi. Bul qáwip qáterlerge qarsı nátiyjeli gúresiw tek ǵana jınayıy huqıqıy juwapkershilikti kúsheytiw emes, al xalıqtıń sanlı sawatlılıǵın arttırıw, zamanagóy texnikalıq qorǵaw quralların engiziw hám xalıqaralıq birge islesiwdi bekkemlew arqalı múmkin.

**ÁDEBIYATLAR**


1. *Kiberfiribgarlikka qarshi kurash yoki internetdan foydalanish madaniyati*. – Yuz.uz, 2023. URL: https://yuz.uz .
2. *“Onlayn qopqon” - ommalashgan virtual firibgarlik turlari va ulardan qanday himoyalanish kerak*. – Kun.uz, 2023. URL: https://kun.uz .
3. *Kibermakondagi jinoyatlar va ularning oldini olish choralari*. – Uzmarkaz.uz, 2025. URL: https://uzmarkaz.uz .
4. *Ijtimoiy muhandislar bank kartalaridan pulni qanday o‘g‘irlashadi: 6 ta firibgarlik sxemasi*. – Uzum.uz, 2024. URL: https://uzum.uz .
5. O‘zbekistonda 2021−2024-yillarda banklar va fuqarolar kiberjinoyatlardan 1,9 trln so‘m zarar ko‘rdi. – Gazeta.uz, 2025. URL: https://gazeta.uz.
6. *Draft Federal Law «On Amending the Criminal Code of the Russian Federation» in Order to Strengthen Criminal Liability for Crimes Committed Using «Deepfake» Technology*. – HSE University, 2025. URL: https://hse.ru.
7. *Deepfake And Criminal Law*. – Vestnik KUI (Krasnodar University of the Ministry of Internal Affairs of Russia), 2024. URL: https://vestnik.kui.ru.
8. *Deepfake ishlatadigan firibgarlarni qanday aniqlash mumkin?* – Jet.bank.uz, 2025. URL: https://jet.bank.uz.


**Rezyume.** Bul maqalada AKT járdeminde ámelge asırılatuǵın aldawshılıqtıń tiykarǵı usılları - fishing, psixologiyalıq aldaw hám deepfake texnologiyaları analiz qılınadı. Maqalada usı túrdegi jınayattıń júz beriw usılları, jınayat mexanizmi qısqa bayan etilgen.

**Gilt sózler:** fishing, psixologiyalıq aldaw , deepfake, kiber aldawshılıq.

**Резюме.** В данной статье анализируются основные способы мошенничества с использованием ИКТ – фишинг, психологическая манипуляция и технологии дипфейк. В статье освещаются способы совершения и механизм данного вида преступления.

**Ключевые слова:** фишинг, психологическая манипуляция, дипфейк, кибермошенничество.

**Summary.** This article analyzes the main methods of fraud committed using ICT – phishing, psychological fraud, and deepfake technologies. The article highlights the methods of commission and the mechanism of this type of crime.

**Key words:** phishing, psychological fraud, deepfake, cyber fraud.